

TÈM AK KONDISYON HOTSPOT ONE ORGANIZATION 2026

1. Moun nan dwe genyen minimòm dizwit (18) ane epi ak maksimòm katreven dis (90) ane.
2. Moun nan dwe rantre sou referans yon moun ki deja entegre estrikti an kòm manb aktif.
3. Si yon moun vle entegre yon lòt moun nan estrikti an li dwe kontakte administrasyon an.
4. Moun nan dwe aksepte pataje pyès li ak enfòmasyon pèsonèl li avèk administrasyon an.
5. Moun nan dwe mete ajou enfòmasyon pèsonèl li yo chak fwa genyen yon chanjman ki fèt.
6. Manb fondatè yo dwe kotize \$20.00 dola us chak mwa kòm dwa manb yo nan estrikti an.
7. Manb aderan yo dwe kotize \$10.00 dola us chak mwa kòm dwa manb yo nan estrikti an.
8. Manb volontè yo kapab bay nenpòt kantite lajan oswa tan selon mwayen ak disponiblite yo.
9. Sèlman manb yo ki ap genyen aksè mete timoun nan pwogram nan aprè tout verifikasyon.
10. Yon senp donatè pap genyen aksè pou mete kèlkeswa timoun nan anndan pwogram nan.
11. Yon moun kapab kotize plizyè mwa alavans selon mwayen ak volonte moun nan genyen.
12. Moun nan kapab fè tranzaksyon an avèk debi kat, zelle, paypal oswa platfòm elektwonik.
13. Moun nan dwe fè tranzaksyon an egzakteman avèk enfòmasyon administrasyon an ba li a.
14. Manb fondatè yo dwe patisipe nan yon reyinyon òdinè chak yon (1) mwa pandan ane a.
15. Manb aderan yo dwe prezan nan yon reyinyon ekstraòdinè chak kat (4) mwa nan ane a.
16. Manb volontè yo dwe prezan nan reyinyon yo chak fwa genyen yon nesetite ki mande sa.
17. Kèlkeswa moun nan pa dwe mande fè prè epi ni pote dèt pèsonèl li bay administrasyon an.
18. Moun nan dwe aksepte pou li sou sit entènèt, platfòm nimerik ak rezo sosyal estrikti an.
19. Kèlkeswa moun nan ki fè don nan òganizasyon sosyal la pap kapab fè okenn reklamasyon.
20. Administrasyon an kapab modifye kondisyon yo selon nesosite a chak fwa peryòd la fini.